



Pou Piblikasyon Imedya: 17/02/2021

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON KONSEYE PRENSIPAL GOUVÈNÈ A RICH AZZOPARDI

"Mesye Kim ap bay manti sou konvèsasyon li an avèk Gouvènè Cuomo jedi swa. Mwen konnen paske mwen te pami twa lòt moun ki te nan pyès la lè koutfil la te fèt. Pèsonn pa janm menase pou yo 'detwi' pèsonn avèk 'kòlè' yo ni pou yo 'toufe koze.' Sa depase lèbòn e malarezman fè pati abitud bay manti kont administrasyon sa a Mesye Kim genyen depi plizyè ane. Nou te mande Mesye Kim pou li fè sa ki onorab epi pou li pibliye yon deklarasyon ki di laverite lè li te fin di Gouvènè a yo te defòme sa li te di an nan yon atik nouvèl, li te di li te eseye korije sa men jounalis la te refize. Kim te di li t ap korije istwa a epi apre sa li pa kenbe pawòl li. Se pa yon sipriz. Olye de sa pandan sis dènye jou yo li akize san prèv administrasyon sa a dèske la fè peman anba tab epi antrave lajistis. Bann manti sa yo se rezon ki fè Gouvènè a chwazi pale jodi a. Nou p ap kite yon politisyen malonèt ni twonpe moun New York yo ni defòme laverite. Deklarasyon Misye Kim ap fè yo kounye a pa menm ale avèk kòmantè li te fè yo nan reyinyon an (gade pi ba a). Li pa gen kredibilite jan pwòp pawòl li montre sa. Manti lakòz ase doulè pou fanmi yo ki nan dèy poutèt COVID. Nou konprann nou gen obligasyon pou nou korije fo deklarasyon pou fanmi yo kapab konprann sa ki pase toutbon pandan COVID.

"Misye Kim ak biwo Gouvènè a gen yon relasyon ostil depi lontan. Ostilite a te kòmanse lè Misye Kim te apiye yon pwojè lwa ki te pwoteje travayè salon maniki ak pediki yo epi apre sa te fè yon reviman 180 degre lè li te vin resevwa gwo finansman nan men mèt salon maniki ak pediki yo. Li te resevwa kritik nan men bon gwoup gouvènman lè sa a epi biwo Gouvènè a te mete ajisman li yo an kesyon. Mesye Kim kontinye ap resevwa finansman nan men mèt salon maniki ak pediki yo e l ap kontinye tantativ li yo pou wete pwoteksyon travayè salon maniki ak pediki yo. Sitiyasyon san etik sa a ap kontinye avèk Kim k ap resevwa finansman nan men pwopriyetè yo k ap eseye sispann efò nou yo pou pwoteje travayè salon maniki a pediki ki viktim yo. Nou panse ajisman Kim yo k ap kontinye poutèt l ap resevwa peman anba tab san etik ominimòm epi lè ak si yo envestige yo y ap jwenn prèv yo ilegal. Pou nou sa klè, ni

Gouvènè a ni asistan li yo pa t menase ankenn lejislatè epi an verite, moun ki te asiste reyinyon an kesyon an te konsidere li kòm pozitif. Se avèk defòmasyon moun ki gen lòt ajenda yo fè sou reyinyon an nou pa dakò.

Ofon Mesye Kim ak NY Post ak repiblikan yo agimante òdonans eta a te bay nan dat 25 mas la sou kay retrèt yo te yon move politik. Sa yo pa di se eta a t ap suiv politik federal la e si Post la ak repiblikan yo vle jwe jwèt akizasyon politik, yo ta dwe akize Donald Trump e yo te dwe akize Donald Trump depi 25 mas pase a lè yo te pwomilge enstriksyon yo. Ann gade done yo.

Dtè. Zucker pa panse òdonans 25 mas la pa t bon. Menm avèk avantaj yon rekil 20/20, espesyalis medikal yo pa panse li pa t bon. Nou panse li sove lavi epi done yo montre sa. Si, avèk avantaj rekil, nou te konkli òdonans 25 mas la pa t bon, Manm Komisyon Howard Zucker t ap admèt sa e nou t ap pran mezi kont gouvènman federal la pou neglijan nan pibliye move enstriksyon. COVID te deja nan kay retrèt yo lè 25 mas te rive. Se yon bagay ki pwouve. Kabann lopital te esansyèl. E se yon bagay ki pwouve. Moun te bezwen kabann lopital avèk respiratè atifisyèl ak pèsònèl enfimye pou maladi nan faz kritik pou sove lavi yo. Nou te bay sa. Kontrèman ak lòt eta ak peyi yo sistèm lopital nou an pa t akable e nou sòti nan to enfeksyon ki pi wo a pou vin gen sa ki pi ba a epi nou sove lavi. Sa a se verite enkontestab la.

"Nou dakò nou pa t bay ase enfòmasyon piblik rapidman ase sa ki te kreye yon vid pou teyori konspirasyon yo pran fil. N aksepte responsabilite kreyasyon vid la epi nan yon mond pafè, teyorisyen konspirasyon yo t ap aksepte responsabilite yo tou. Nan yon mond pi pafè teyorisyen konspirasyon yo t ap sispann jwe politik ak touche negativman fanmi ki an dèy yo ki pèdi pwòch yo nan kay retrèt yo. Li klè nan anviwònman politik toksik sa a, nou pa nan yon mond pafè."

Pi ba a w ap jwenn yon transkripsyon rapid yon pòsyon nan kòmantè Manm Asanble Kim te fè yo pandan yon apèl konferans Zoom avèk lejislatè eta a yo:

Manm Asanble Kim: Fò ou ta gade definitivman. M oblije ale, mwen dezole, men senpleman pou rezime, mwen panse mwen pral gade kesyon yo, Manm Komisyon ak Madan DeRosa, m ap siman fè suivi avèk yo tou. Men apati de kounye a, mwen panse piblik la vle kite sa dèyè. Manm Komisyon lè ou, lè ou te vin wè nou nan chanm Asanble a lane pase, e ou te vle bay Gouvènè a plis pouvwa e nou te mande 40 milyon dola pou pran devan kowonaviris la, anpil nan kòlèg mwen yo pa t vle fè sa, yo pa t vle bay Gouvènè a pouvwa sa yo. Mwen te fè pati kèk sa ki te pran pou Gouvènè a. Donk se pa yon kesyon dèske ou renmen li oswa pa renmen

li pèsònèlman. Se yon moman kote nou dwe ankouraje li, men nou dwe kanpe dèyè dirijan sa a, paske tout moun pè epi tout moun vle pou yon moun leve pye li epi fè sa byen, e mwen gen te kwè anpil nou ta pral fè sa byen. Men pandan kèk dènye mwa yo mwen panse nou pèdi anpil konfyans. Poutèt mank kominikasyon, pou mank nan sa, mwen konnen nou gade tout rezon yo. E mwen senpleman vle kite sa dèyè. Mwen vle avanse. E mwen vle jwenn solisyon, e mwen konnen nou te manyen kèk kesyon men anvan m ale, mwen vle di si nou kapab senplemen fè suivi. Iminite legal, yon sòt de fon konpansasyon posib pou viktim yo, yon estrikti, yon kad sivil yon diskisyon sou sa. Pwogram medyatè a, yon moun fèk pale de li. Mwen konnen Senatè May pale avèk pasyon de ranfòse sa, pou yo kapab gen pouvwa fè travay yo toutbon. Yo fèk pale de penalite k ap ogmante yo, ak de yon sòt de rekonesans, e petèt yon eskiz pou 25 mas la. Mwen konnen se yon sijè delika, e pèsonn pa vle pale de sa, men mwen panse fanmi yo, piblik la mwen panse senpleman rekonèt, apresye yon sòt de onètete, men senpleman, senpleman rekonesans doulè yo, e mwen panse yon sòt de regrè nan men Administrasyon an t ap bay anpil rezilta. Donk se tout sa mwen genyen pou jodi a, mwen apresye tan nou anpil, mwen konnen nou tout okipe anpil. Mèsi anpil e mwen pral fè suivi avèk lòt kesyon. Mèsi.

###

Lòt nouvel disponib sou sit www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | [518.474.8418](tel:518.474.8418)

ANILE ENSKRIPSYON OU